



## Lèt Ouvèt pou Moun New York ki se Imigran

Mas 2025

Nan Vil New York, se dwa w pou jwenn swen sante, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou oswa kapasite w pou w peye. Swen sante enpòtan anpil e nou vle ou jwenn swen ou bezwen an anvan ou ta tonbe malad oswa anvan ou vin gen ijans. Ou pa dwe pè ale kay doktè, nan sant sante kominotè oswa lopital. Doktè, enfimyè ak lòt pwofesyonèl swen sante nou yo sousye de ou. Anpil nan yo se imigran ki soti nan kominote y ap sèvi a e ki pale menm lang avèk ou. Nou tout la pou ou.

NYC Health + Hospitals ap jere 11 lopital piblik Vil la, senk mezon retrèt ak Sant Gotham Health nan katye nan chak minisipalite. Se Depatman Sante Vil New York la ki jere klinik sante seksyèl, vaksinasyon ak tibèkiloz Vil la, ak Neighborhood Health Action Centers. Sant sante ak lopital nou yo fyè e nou gen lontan depi n ap pran swen tout moun. Pa gen eksepsyon.

**Nou respekte vi prive w.** Lè w vizite etablisman swen sante nou yo, ou pa oblige pataje enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon w pou ou resevwa swen. Nou pataje enfòmasyon konsènan pasyan yo sèlman lè ou bay konsantman w pou sa, oswa si lalwa otorize nou oswa egzije sa.

### Men kèk bagay ou dwe konnen lè w ap chèche swen nan Vil New York:

- Kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou oswa revni w, tout timoun, moun ki ansent, ak adilt ki gen laj 65 lane e plis ka gen asirans sante. Anplwaye nou yo la pou ede w enskri, e yo la tou pou yo ede w konprann ki enfòmasyon pèsonèl ou bezwen pou konplete fòmilè a. Pou konnen plis, vizite [nychealthandhospitals.org/paying-for-your-health-care/](http://nychealthandhospitals.org/paying-for-your-health-care/).
- Si w pa ka resevwa oswa ou pa ka peye asirans sante a, ou kapab kalifye pou NYC Care, pwogram aksè swen sante Vil la, ki nan pri ki ba oswa ki gratis. Vizite [www.nyccare.nyc](http://www.nyccare.nyc) pou konnen plis.
- NYC Health + Hospitals gen patenarya ak IDNYC, kat idantifikasyon gouvènman Vil New York la ki disponib pou tout moun. IDNYC se yon fòm idantifikasyon yo aksepte pou pasyan, ke yo ka itilize pandan enskripsyon ak anrejistreman nan NYC Health + Hospitals. Ou ka itilize IDNYC tou pou jwenn rabè sou medikaman yo preskri ak pou gen aksè ak dosye vaksen w. Ale sou [nyc.gov/idnyc](http://nyc.gov/idnyc) pou konnen plis.
- **Anplis de sa, gen lòt sèvis Vil la ki disponib pou ou, tankou manje, edikasyon, sèvis jiridik, sekirite piblik, ak plis ankò.** Nou ankouraje w chèche konnen resous ak enfòmasyon enpòtan gouvènman Vil New York la ki disponib pou ou ak fanmi ou. Vizite [nyc.gov/immigrants](http://nyc.gov/immigrants) epi chèche resous pou aksede ak gid resous Biwo Majistra pou Zafè Imigran an.

## **Kibò Ou Ka Jwenn Swen**

Lopital piblik ak sant sante NYC Health + Hospitals yo lokalize nan tout katye nan Vil New York epi yo kapab ba w sèvis nan lang ou pale a. Ale sou [nychealthandhospitals.org/locations](http://nychealthandhospitals.org/locations) pou w jwenn yon lokal ki tou pre w la. Nan tout lokal nou yo, w ap jwenn aksè ak sèvis entèpretasyon nan plis pase 200 lang, 24 sou 24/7 jou sou 7. Nou ofri tou materyèl ki tradwi nan 13 premye lang pasyan nou yo plis pale yo, pou nou asire nou kapab reponn nenpòt kesyon ou genyen.

Ou kapab jwenn klinik sante sekyèl, vaksinasyon ak tibèkiloz Depatman Sante Vil New York yo nan Bronx, Brooklyn, Manhattan ak Queens, epi Neighborhood Health Action Centers yo lokalize nan Bronx, Brooklyn ak Manhattan. Vizite [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) pou jwenn lokal nou yo. Sant nou yo gen diferan sèvis, pwogram ak aktivite nan plizyè lang.

Rele **311** pou jwenn yon lis ki gen tout sant sante ak lopital piblik nou yo, pou ou kapab konnen plis sou resous nou yo tankou NYC Care ak IDNYC, oswa pou w voye mesaj bay NYC Health + Hospitals, Depatman Sante Vil New York la, oswa Biwo Majistra pou Zafè Imigran an.

Se misyon nou pou nou sipòte **chak Moun New York, san eksepsyon**, pou yo ka viv plis an sante ke posib.

### **Mitchell Katz, MD**

Prezidan ak Direktè Jeneral

NYC Health + Hospitals

### **Michelle Morse, MD, MPH**

Manm Komisyón Sante Enterimè

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal nan Vil New York

### **Manuel Castro, MPA**

Manm Komisyón

Biwo Majistra Vil New York pou Zafè Imigran